



Pou Piblikasyon Imedya: 18/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO FÈ APÈL AK KOWÒDINASYON CHÈN EKIPMAN POU ELAJI TÈS YO

Li pibliye Dekrè Egzekitif ki pèmèt Nouyòkè yo jwenn yon lisans maryaj adistans

Reyitere apèl bilateral Asosiyasyon Gouvènè Nasyonal la pou 500 milya dola èd federal la anvè eta yo

Konfime 7,090 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 236,732; gen nouvo ka nan 46 Konte

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te fè apèl ak kowòdinasyon federal chèn ekipman an pou elaji tès yo pou eta yo ka fè kòmanse reprann fonksyon yo. Kounye se manifaktirè ekipman laboratwa prive ki ap pwodui tès yo - gen 30 gwo manifaktirè nan Etazini - epi manifaktirè sa yo vann tès yo bay laboratwa ki pi piti yo, ki answit vann tès yo bay lopital yo ak bay piblik la. Pou yo kapab fè yon tès, laboratwa lokal yo dwe gen pwodwi chimik ki nesèsè ke yo konnen kòm reyaktif, epi gen diferan reyaktif pou diferan tès manifaktirè yo. Eta a te mande 50 laboratwa ki an tèt nan New York sa yo bezwen pou double pwodiksyon tès yo, e tout te di ke yo bezwen plis reyaktif.

Gouvènè a ap pibliye tou yon Dekrè Egzekitif ki pèmèt Nouyòkè yo jwenn yon lisans maryaj adistans ak pèmèt grefye yo fè seremoni atravè videyo konferans, yon pratik ki entèdi dapre lwa aktèl a. Anpil biwo maryaj yo fèmen tanporèman akòz pandemi COVID-19 la, sa ki anpeche Nouyòkè yo jwenn yon lisans maryaj pandan ijans sante aktyèl la; Dekrè Egzekitif la pral sispansyon yon dispozisyon legal tanporèman ki egziye vizit an pèsòn.

Gouvènè Cuomo te renouvle tou apèl bilateral Asosiyasyon Gouvènè Nasyonal (National Governors Association) yo pou gouvènman federal la bay 500 milya dola bay eta yo nan èd san restriksyon pou ede estabilize ekonomi an ak pèmèt eta yo reyalize fonksyon reouvèti yo. Gouvènman federal la te adopte twa pwojè lwa pou abòde kriz sa a, ki gen ladan Lwa CARES federal la kote tout te gen zewo finansman pou konpanse defisi bidjè eta yo.

"Poukisa tès enpòtan konsa? Tès se fason ou kontwole to enfeksyon an epi se fason nou jwenn moun ki gen viris la epi retrase kontak yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Defi a se elaji tès yo. Nou te mande 50 laboratwa ki an tèt nan eta sa yo ta bezwen pou double tès yo, e tout te di menm bagay la: yo bezwen plis reyaktif chimik.

Nou bezwen gouvènman federal la pou sipèvizè chèn ekipman an epi ede laboratwa yo jwenn sa yo bezwen."

Finalman, Gouvènè a te konfime 7,090 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 236,732 ka konfime nan Eta New York. Nan total 236,732 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	648	29
Allegany	30	1
Broome	186	8
Cattaraugus	34	0
Cayuga	36	0
Chautauqua	25	0
Chemung	72	1
Chenango	77	1
Clinton	48	1
Columbia	105	4
Cortland	25	0
Delaware	49	1
Dutchess	2,201	59
Erie	1,997	68
Essex	16	1
Franklin	13	0
Fulton	27	0
Genesee	87	4
Greene	82	5
Hamilton	3	0
Herkimer	47	1
Jefferson	50	0
Lewis	8	0
Livingston	37	3
Madison	105	0
Monroe	1,008	33
Montgomery	34	1
Nassau	29,180	641
Niagara	234	7
NYC	131,263	3,911
Oneida	268	7
Onondaga	492	9

Ontario	69	2
Orange	6,266	182
Orleans	41	7
Oswego	45	0
Otsego	47	3
Putnam	582	4
Rensselaer	164	14
Rockland	9,171	184
Saratoga	244	8
Schenectady	259	9
Schoharie	20	0
Schuyler	6	0
Seneca	18	0
St. Lawrence	98	2
Steuben	160	6
Suffolk	26,143	1,108
Sullivan	524	19
Tioga	32	2
Tompkins	117	0
Ulster	820	32
Warren	94	3
Washington	52	4
Wayne	49	0
Westchester	23,179	703
Wyoming	36	1
Yates	9	1

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)